

Kijan Mediked Sipòte Sante Manman ak Tibebe nan Florida

Mediked Ede Manman Ak Tibebe Nan Florida Jwenn Swen Yo Bezwen

Kouvèti Mediked la jwe yon wòl vital pou asire ke pa gen okenn manman oswa tibebe nan Florida ki rete dèyè pandan premye ane apre akouchman an. Medicaid finanse 42% akouchman nan Florida, yon ti kras pi wo pase mwayèn nasyonal la.¹ Byenke Florida pa elaji Mediked anba Lwa sou Swen Sante Abòdab la, kouvèti pou swen matènite, ki gen ladan sèvis prenatal ak akouchman, rete yon benefis esansyèl pou fanm ansent ki kalifye nan eta a.²

Mediked jwe yon wòl vital tou pou asire ke paran ak tibebe yo nan Florida jwenn bon swen, nan bon moman, pandan ane apre yon akouchman, pou ankouraje ak pwoteje sante matènèl, sante tibebe, ak devlopman timoun piti.

Manman ak tibebe bezwen aksè a swen pou vizit byennèt, tankou depistaj ak tretman pou bezwen sante fizik ak mantal. Pandan gwosès ak apre nesans yon nouvo bebe, kouvèti Mediked Florida a gen ladan sèvis tankou entèvansyon efikas pou fimen, alkòl ak itilizasyon sibstans, ansanm ak tretman pou maladi kwonik tankou dyabèt, maladi kè ak depresyon.³

Mediked Se Kle Nan Konba Kont Kriz Sante Matènèl Nan Florida

To mòtalite matènèl nan Florida te 18.5 lanmò pou chak 100,000 nesans vivan an 2023,⁴ lejèman pi ba ke mwayèn nasyonal la ki se 18.6.⁵ Yon pi gran kategori mòtalite ki gen rapò ak gwosès genyen ladan lanmò pandan gwosès ak lanmò jiska yon ane apre gwosès avèk kòz ki asosye.

[Kòz medikal ki pi komen](#) nan lanmò ki gen rapò ak gwosès nan Florida se pwoblèm kadyovaskilè, enfeksyon, emoraji, anbolism (kayo san), ak tansyon ki wo. Pwoblèm sante mantal, tankou depresyon, se kòz ki kontribye nan mòtalite ki gen rapò ak gwosès nan Florida, menm jan ak swisid ak omisid—kòz lanmò ki ka yo ka evite fasilman. Anfèt, etid yo montre ke yo ka evite plis pase 80% nan lanmò ki gen rapò ak gwosès.⁶

Plizyè milye manman nan Florida fè eksperyans gwo morbidite matènèl, oubyen rezilta akouchman inatandi ki kreye efè negatif sou sante e souvan ki menase lavi yo. Sa yo enkli bezwen pou yon transfizyon san, konjesyon serebral oubyen kriz kadyak, sepsis (enfeksyon), oubyen eklanpsi ki bay kriz akòz tansyon ki monte wo. Nan Florida, to grav morbidite matènèl la se 10.3 pou chak 1,000 ki entène lopital pou akouchman, ak gwo diferans rasyal.⁷ Morbidite matènèl grav ka mennen ogmantasyon nan depans medikal ak sejou lopital ki pi long pou fanmiy nan Florida.⁸

Florida Ap Itilize Mediked Pou Amelyore Sante Manman Ak Tibebe

Fas a kriz mòtalite matènèl la, anpil pwogram Mediked nan eta yo mete plis atansyon sou amelyorasyon sante matènèl. Kouvèti Mediked vin pi disponib pou fanm lè yo ansent. An 2022, Kongrè a te bay eta yo opsyon pou pwolonje kouvèti Mediked apre akouchman soti nan 60 jou pou rive jiska 12 mwa, dapre done leta yo ki montre ke prèske mwatye nan lanmò matènèl yo rive pandan ane apre akouchman an.⁹ Florida te mete tèt ansanm ak 48 lòt eta ak D.C. pou adopte ekstansyon kouvèti apre akouchman an soti nan 60 jou rive nan 12 mwa pou stabilize kouvèti a pandan yon peryòd chanjman familyal ak yon peryòd kritik nan devlopman timoun piti kote chak manman ak tibebe bezwen swen sante.^{10, 11}

Anplis de asire stabilite kouvèti yo, Florida amelyore sèvis sante matènèl yo atravè nouvo sèvis finans pa Medicaid, tankou doula nan kominote yo¹² ak vizit lakay.^{13, 14}

Medicaid Sipòte Tibebe ki Fèt Twò Bonè Oswa Twò Piti Nan Florida

Mediked esansyèl pou asire ke tibebe yo ki fèt prematireman oswa ki gen ti pwa a la nesans gen aksè a sèvis adisyonèl yo ka bezwen¹⁵ nan yon inite swen entansif pou tibebe ki fèt anvan lè¹⁶ (NICU) oswa nan men pwofesyonèl pedyatrik yo nan kominote a. Apeprè 12% nan nesans ki finans pa Mediked yo se nesans bonè, oswa prematire.¹⁷ Tretman pou tibebe ki fèk fèt yo ka sove lavi epi diminye andikap alontèm ki ka soti nan nesans prematire.¹⁸ Anplis de sa, anba Lwa federal sou Amelyorasyon Edikasyon pou Moun ki Andikape (IDEA), pwogram Early Steps Florida a resevwa finansman Mediked pou kèk sèvis medikal ak lòt sèvis ki nan avantaj tibebe ak timoun piti ki gen andikap ak reta nan devlopman yo, ki amelyore aksè a swen ki nesèsè pou diminye enpak negatif alontèm.

Kouvèti Mediked Pou Fanm Ansant ak Timoun Nan Florida Gen Yon Lyen ak Rezilta Alontèm Pou Sante, Edikasyon ak Ekonomi

Etid longitudinal yo demontre plizyè fwa lyen¹⁹ kouvèti Mediked pou manman ak timoun piti genyen avèk amelyorasyon sante ak pi ba pousantaj andikap nan laj adilt. Yo asosye kouvèti Mediked avèk yon pi gwo nivo edukasyon ak pi gran sekirite finansyèl, e menm amelyorasyon rezilta nesans atravè de jenerasyon.²⁰ Gen kèk etid ki dokimante benefis finansyèl pou sosyete a tou²¹ ak yon revni solid sou envèstisman gouvènman an.²²

Nòt Final

1. Kaiser Family Foundation, "Births Financed by Medicaid," January 15, 2025, available at <https://www.kff.org/medicaid/state-indicator/births-financed-by-medicaid/?activeTab=map%C2%A4&Timeframe=0&selectedDistributions=percent-of-births-financed-by-medicaid&sortModel=%7B%22collId%22:%22Location%22>

2. Ranji et al., Kaiser Family Foundation, "Medicaid Coverage of Pregnancy-Related Services: Findings from a 2021 State Survey – Report," May 19, 2022, available at <https://www.kff.org/report-section/medicaid-coverage-of-pregnancy-related-services-findings-from-a-2021-state-survey-report/>
3. Florida Agency for Health Care Administration, "Health Plan Expanded Benefits Grid 2025," 2025, available at <https://ahca.myflorida.com/content/download/25550/file/Health%20Plan%20Expanded%20Benefits%20Grid%202025%20-%202011-7-2024.xlsx.pdf>
4. FLHealthCharts, "Maternal Deaths," 2023, available at <https://www.flhealthcharts.gov/ChartsDashboards/rdPage.aspx?rdReport=InfantDeath.DataView&cid=0392>
5. Donna L. Hoyert, National Center for Health Statistics, "Health E-Stat 100: Maternal Mortality Rates in the United States, 2023," February 2025, available at <https://www.cdc.gov/nchs/data/hestat/maternal-mortality/2023/Estat-maternal-mortality.pdf>
6. Centers for Disease Control and Prevention, Maternal Mortality Prevention, "Pregnancy-Related Deaths: Data from Maternal Mortality Review Committees in 38 U.S. States, 2020," May 28, 2024, available at <https://www.cdc.gov/maternal-mortality/php/data-research/index.html>
7. FLHealthCharts, "Severe Maternal Morbidity," 2023, available at <https://www.flhealthcharts.gov/ChartsDashboards/rdPage.aspx?rdReport=NonVitalInd.TenYrsRpt&cid=867>
8. Eugene Declercq and Laurie Zephyrin, The Commonwealth Fund, "Severe Maternal Morbidity in the United States: A Primer," October 28, 2021, available at <https://www.commonwealthfund.org/publications/issue-briefs/2021/oct/severe-maternal-morbidity-united-states-primer>
9. Centers for Disease Control and Prevention, Maternal Mortality Prevention, "Pregnancy-Related Deaths: Data from Maternal Mortality Review Committees in 38 U.S. States, 2020," May 28, 2024, available at <https://www.cdc.gov/maternal-mortality/php/data-research/index.html>
10. Kaiser Family Foundation, "Medicaid Postpartum Coverage Extension Tracker," January 17, 2025, available at <https://www.kff.org/medicaid/issue-brief/medicaid-postpartum-coverage-extension-tracker/>
11. Florida Health Justice Project, "Florida Health Justice Project Celebrates the Approval of Florida's 12 Months of Postpartum Medicaid Coverage by the U.S. Centers for Medicare & Medicaid Services," May 2022, available at <https://floridahealthjustice.org/publications/florida-health-justice-project-celebrates-the-approval-of-floridas-12-months-of-postpartum-medicare-coverage-by-the-u-s-centers-for-medicare-medicare-services-2/>
12. Florida Health Justice Project, "Doulas: The Facts," February 2024, available at <https://floridahealthjustice.org/publications/doulas-the-facts/>
13. Meghea et al., "Community Health Worker Home Visiting, Birth Outcomes, Maternal Care, and Disparities among Birthing Individuals with Medicaid Insurance," JAMA Pediatrics 177:9 (2023): 939-946, available at <https://doi.org/10.1001/jamapediatrics.2023.2310>
14. Elisabeth Burak and Vikki Wachino, Think Bigger Do Good, "Promoting the Mental Health of Parents and Children by Strengthening Medicaid Support for Home Visiting," May 9, 2023, available at <https://thinkbiggerdogood.org/promoting-the-mental-health-of-parents-and-children-by-strengthening-medicare-support-for-home-visiting/>
15. Lakshminrusimha et al., "The National Academies of Sciences, Engineering, and Medicine Recommendations on Medicaid Parity and Future of Pediatric Subspecialty Workforce," Journal of Perinatology 44:8 (2024): 1098–1103, available at <https://doi.org/10.1038/s41372-024-01961-z>

16. Masten et al., "A Maternity Care Home Model of Enhanced Prenatal Care to Reduce Preterm Birth Rate and NICU Use." *Birth* 49:1 (2022): 107-115, available at <https://doi.org/10.1111/birt.12579>
17. Centers for Medicare and Medicaid Services, "2024 Medicaid & CHIP Beneficiaries at a Glance: Maternal Health," 2024, available at <https://www.medicaid.gov/medicaid/benefits/downloads/2024-maternal-health-at-a-glance.pdf>
18. DeSisto et al., "Maternal and Neonatal Risk-Appropriate Care: Gaps, Strategies, and Areas for Further Research," *Journal of Perinatology* 43:6 (2023): 817-822, available at <https://doi.org/10.1038/s41372-022-01580-6>
19. Park et al., The Commonwealth Fund, "Jeopardizing a Sound Investment: Why Short-Term Cuts to Medicaid Coverage during Pregnancy and Childhood Could Result in Long-Term Harm," December 8, 2020, available at <https://www.commonwealthfund.org/publications/issue-briefs/2020/dec/short-term-cuts-medicaid-long-term-harm>
20. East et al., "Multi-Generational Impacts of Childhood Access to the Safety Net: Early Life Exposure to Medicaid and the Next Generation's Health," *American Economic Review* 113:1 (2023): 98-135, available at <https://www.aeaweb.org/articles?id=10.1257/aer.20210937>
21. Park et al., The Commonwealth Fund, "Jeopardizing a Sound Investment: Why Short-Term Cuts to Medicaid Coverage during Pregnancy and Childhood Could Result in Long-Term Harm," December 8, 2020, available at <https://www.commonwealthfund.org/publications/issue-briefs/2020/dec/short-term-cuts-medicaid-long-term-harm>
22. Edwin Park, Center for Children and Families, "New CBO Study Explores the Long-Term Fiscal Benefits of Medicaid Coverage in Childhood," November 16, 2023, available at <https://ccf.georgetown.edu/2023/11/16/new-cbo-study-explores-the-long-term-fiscal-benefits-of-medicaid-coverage-in-childhood/>